muhabbatın qádirledi, tek ǵana onı túsiniwimiz kerek» degen sózleri menen muxabbat qıssası tamalanadı. Al tamashagóy muhabbat dúnyasına tereń shúmgen halda qaladı. Seyit rolin teatrdıń jas aktyorı Dástan Baymurzaev sheberlik penen atqarıp shıqqan. Óziniń jasınan anaǵurlım kishi jastaǵı bozbalanıń obrazın jaratıw aktyordan úlken sheberlikti talap etedi. Aktyor bul obrazdıń maǵızın tereń ashıp beriw arqalı tamashagóylerdiń júrek tórinen jıllı orın iyelegen. «Jámiyla» spektakli Tashkent qalasında Ózbekstan milliy akademiyalıq drama teatrı, Muqimiy atındaǵı muzıkalı drama teatrı, Rus akademiyalıq drama teatrı saxnalarında qoyılıp tashkentli tamashagóylerdiń alǵıslarına sazawar boldı.

**Ádebiyatlar**


1. B.Sayfullaev, T.Bayandiev. "Qaraqalpaq teatrı tariyxı" T. "Fan ziyosi". 2023.
2. CH.Aytmatov. «Jamila». Povest. M. Xud.lit.1988.



**REZYUME.** Rejissyor saxna shıǵarmasın jaratıw barısında teatrdıń barlıq komponentlerin birlestiredi hám tuwrı jolǵa baǵdarlaydı. Rejissyor bul maqsetke óziniń tiykarǵı pikirin, ideyasın jarıqqa shıǵarıw, pyesanıń saxnalıq kórinisi ústinde jumıs alıp baratuǵın dóretiwshilik ansambldi basqarıw arqalı erisedi. Bul process professionallıqtı talap etedi. Mine usı professionallıq rejissyorlıq óneriniń rawajlanıw procesindegi sheshiwshi basqısh bolıp tabıladı.

**РЕЗЮМЕ.** Режиссёр при создании сценического произведения все компоненты составляющие театра концентрируя направляет на правильный путь. Этой цели режиссер достигает, руководя творческим ансамблем, работающим над реализацией своей главной идеи, замысла, сценической постановкой пьесы. Этот процесс требует профессионализма. Именно этот профессионализм считается решающим этапом в процессе развития режиссерского искусства.

**SUMMARY.** When creating a stage play, the Director directs it to the right path, concentrating all the components of the theater. The director achieves this goal by implementing his main thought, idea, by leading a creative ensemble that works on the stage appearance of the play. This process requires professionalism. At the same time, the development of the art of directing this professionalism is considered a decisive stage in the prosessin.


## TEATRDÍŃ TOQSAN TOǴÍZÍNSHÍ MÁWSIMI


**Mexriban Xojanova -** *aǵa oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so'zlar:** teatr, aktyor, rejissyor, kompozitor, opera, libretto, sahna, dekoratsiya, orkestr, dirijyor, baleytmeyster, obraz, dikciya, xudojnik, raqs, original, kolorit, motiv.

**Ключевые слова:** театр, актер, режиссер, композитор, опера, либретто, сцена, декорация, оркестр, дирижер, балетмейстер, образ, дикция, художник, танца, оригинал, колорит, мотив.

**Key words:** theatre, actor, director, composer, opera, libretto, stage, decoration, orchestra, conductor, baleithmeister, image, diccias, goddess, dance, original, colorite, motif.


Qaraqalpaq xalqınıń ullı shayırı, ataqlı sóz zergeri Ájiniyaz Qosıbay ulınıń tuwılǵanınıń 200 jıllıq torqalı merekesi YUNESKO qararı menen xalıqaralıq kólemde belgileniwiniń ózi shayır dóretiwshiliginiń klassik dárejede ekenliginen derek beredi. Usı múnásibet penen Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrı N.Muxammeddinovtıń «Ájiniyaz» operasın araǵa 37 jıl salıp qayta saxnalastırdı. Bul operanıń qayta saxnalastırılıwınıń tiykarǵı sebebi xalıqtıń arasında ásirese jaslar arasında ullı shayırdıń ómir jolına onıń dóretiwshilik xızmetlerine degen qızıǵıwshılıq kún sanap artıp barmaqta. Shayır tulǵasınıń teatr saxnasında payda bolıwınıń ózi tamashagóylerde teatrǵa degen úlken bir qızıǵıwshılıq payda etetuǵını anıq. Operanıń tuńǵısh saxnalastırılıwı qaraqalpaq kórkem ónerindegi úlken bir jańalıq bolıw menen birge, muzıka óneri de professionalizmge jol alıp taǵı da bir bálent shoqqıǵa kóterilgenin óz waqtında dálillegen edi. Al operanıń bul qoyılıwı sońǵı buwın jaslardıń operaday kórkem ónerdiń qıyın da mashaqatlı janrın emin-erkin meńgere alatuǵının dálilledi. Opera qoyılıwınıń jańa quramı shayır basıp ótken qıyın da mashaqatlı jollar, sol dáwir aǵımı, shayırdıń qorshaǵan ortalıqqa degen kóz-qaraslarınıń barlıǵın saxnada anıq hám ayqın kórsetip bere aldı. Teatr

saxnasında uzaq tariyxıy ótmishti ótken ásirdegi patshalıq hákimiyatı, xalıq turmısı, úrp-ádetleri hám sol dáwirge tán koloritin kórsetiw júdá qıyın wazıypa. Degen menen, spektakldıń jańa quramı bul mashqalanı hár tárepleme ashıp beriwge qunt penen kirisken hám óz maqsetlerine tolıq erise alǵan.

«Ájiniyaz» operasınıń jaratılıwı Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan kórkem óner ǵayratkeri, Ózbekstan mámleketlik sıylıǵınıń laureatı kompozitor N.Muxammeddinov tárepinen tek ǵana tariyxıy temanıń kórsetiliwi menen ǵana emes, bálkim milliy opera dóretiwshiliginiń qáliplesiwi hám rawajlanıwı jolındaǵı nıq qádem boldı. Kompozitordıń xalıq muzıka intonaciyalarınan sheberlik penen paydalana biliwi de dıqqatqa sazawar. Tariyxıy temada opera jaratıwdıń qıyın tereplerinen biri, shıǵarmanıń muzıka tilin tariyxıy temaǵa tán hawazda beyimlestirip biliwde bolıp tabıladı. Bul wazıypa biz sóz etip otırǵan operada nátiyjeli sheshimin tapqan. Opera qaharmanlarınıń ariya hám duetlerinde, xor hám oyın bólimlerinde xalıq namalarınan keń túrde paydalanılǵan. Shıǵarma muzıkasın tıńlap otırǵanımızda, haqıyqattan da sol dáwir ruwxın kórsetiwshi intonaciyalar hawazın esitemiz. Bul tıńlawshı itibarın tema hám dáwir shegarasınan shetke shıǵıwǵa jol qoymaydı. Shıǵarmanıń qunlılıǵı da mine usında bolıp tabıladı. «Ájiniyaz» operasınıń jetiskenliklerinen taǵı biri sonda, kompozitor qaraqalpaq xalıq muzıkasınıń massalıq, jeńil úlgilerinen sheberlik penen paydalana alǵan. Operanıń muzıkalıq tili ápiwayı bolıp ǵana qalmay, derlik barlıq nomerler original hám xalıq qosıqları ruwxında jazılǵan. Ariyalardıń qosıq formasında jazılıwı bolsa tıńlawshınıń qabıl etiw qábiletin ózine tartadı. Ariyalardıń bir forma hám ólshemde jaratılıwı opera janrınıń imkaniyatların hár tárepleme arttırıp baradı. Operada hárbir ariya yaki arioza obrazlardı xarakterlewde úlken orın tutatuǵınına da kompozitor tiykarǵı itibarın qaratqan.

Kompozitor xalıq saxnalarına tiykarǵı itibardı qaratıp, onıń músiybetin súwretlewshi birqansha tásirsheń xorlar jaratqan. Xalıq úlken kúsh-qúdiret hám sonıń menen birge monolit kórkem obraz bolǵan hám barlıq saxnalarda da óz ornın tapqan.

Operanıń librettosın Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Ibrayım Yusupov jazǵan. Libretto avtorı shayırdıń ómir jolların kórsetiw menen birge onıń ishki tolǵanısların, ózinde zaman aǵımına qarsı turarlıq kúsh tawıp, xalıq mápi, xalıqtıń muńı menen qayǵısına sherik bolıp, olardı jarqın keleshekke qaray nıq qádem menen tuwrı joldan baslap barǵanın ayqın dramalıq shtrixlar menen táriyiplep bere alǵan. Bul da bolsa shıǵarmanıń jetiskenlik tareplerinen biri bolıp tabıladı. Shıǵarma kompoziciyası pısıq, waqıya bayanı hám personajlar múnásibeti sáwleleniwinde sheberlik kózge taslanadı. Sonday-aq operanıń bul jańa talqılanıwında jas rejissyor Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken artisti Marqabay Úsenov sońǵı buwın jas aktyorlardı kóbirek kirgizgen. Nátiyjede úlken bir aktyorlıq ansambli júzege kelgen. Rejissyor adamlar huqıqı hám pazıyletleriniń azatlıq ushın gúres temasın, kúshli hám jigerli adamlar obrazın qaharmanlıq romantik ruwx penen suwǵarılǵan jarqın teatral formada súwretlewdi óz aldına maqset etip qoyǵan. Obrazlar galereyasın jaratıwda hárbir obrazdıń ideyalıq xarakteri hám ishki sezimleriniń ashılıw qásiyetleri menen onıń teatrallıǵı arasında tolıq garmoniya bolıwına erisken. Rejissyor shıǵarmanı tuwrı saxnalastırǵan. Obrazlardıń talqılanıwında haqıyqıy hám orınlı qurallar tapqan. Máselen Ájiniyaz (artist S.Shermanov) obrazınıń jaratılıwı. Ayırım saxnalarda óz ideyaların ápiwayı hám tásirsheń kórinisler menen anıq ańlata alǵan. Ájiniyazdıń (artist S.Shermanov) Xanzadaǵa (aktrisa G.Reymova) degen muhabbatı menen qálbindegi ishki sezimleri maqsetke muwapıq, isenimli hám tásirsheń qurallarda berilgen. Obrazlar talqılanıwı da ápiwayı dóretiwshilik kórinisler menen jarıqqa shıǵarılǵan. Kórkem ónerdiń qúdireti sonda, ol tariyxtı kórsetiw menen birge rawajlanıw rejelerin ráwshan sızıp beredi. Bul maqsetine rejissyor usı postanovkasında tolıq erisken dep ayta alamız. Operada orkestrdiń roli júdá úlken. Bul orında orkestrdiń anıq hám ayqın jańırap esitiliwin ayrıqsha itibarǵa alıw kerek. Vokal partiyaları menen orkestr arasındaǵı jámleniw yaki oyınlardı bórttirip beriwdegi muzıkanıń rolin ashıp beriwde orkestrdiń xızmeti tıńlawshını zawıqlandıradı. Orkestrdiń bul nátiyjeli isinde Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan kórkem óner ǵayratkeri Qurbanbay Zaretdinovtıń úlesi úlken. Baletmeyster Qaraqalpaqstan kórkem óner ǵayratkeri Ayjamal Tólegenova tárepinen saxnalastırılǵan oyınlar postanovkanıń úlken tabısı bolıp tabıladı. Barlıq oyın saxnalarındaǵı originallıq hám sheberlik teatrda oyın atqarıwshılıǵınıń kamalatqa jetip atırǵanınan derek beredi. Oyınshılar atqarıwshılıq ónerinde náziklik, milliy koloritlerdiń qásiyetlerin kem-kemnen iyelep baratırǵanlıǵın kórsetti. Saxna jaqtılanǵanda Bozatawda erte báhár kórinisi. Tallıq dáryasınıń boyı. Jigit-qızlar Nawrız bayramında seyilge shıqqan. Xiywadaǵı medreseni pitkerip, awılǵa qaytqan Ájiniyaz shayırdı xalqı kútip almaqta. Ájiniyaz «Jayında

eller barmeken» ariyası menen sağınıshın bildiredi. Xalıq shayırdıń ariyasın zawıqlanıp tıńlaydı. Hárbir dóretiwshi ushın óz xalqınıń qayğı-dártlerine sherik, dáwir ruwxına únles, olardıń tilek-úmitlerine pikirles adamlardıń ómiri hám tereń obrazların jaratıwdan artığıraq baxıt bar ma? Bunıń ushın xalqınıń júreginde jasay alıw, olardıń talap hám úmitlerin seze biliw de kerek. Mine qaraqalpaq xalqınıń ádiwli perzenti shayır Ájiniyaz obrazın jas aktyor Saparbay Shermanov usınday kóz-qarastan turıp talqılağan. Ájiniyaz obrazı S.Shermanovtıń atqarıwında teatr tarawında aytarlıqtay burılıs boldı. Sebebi obraz mağızın ashıwda aktyor dramalıq jónelisin birinshi planğa alıp shıqqan. Sonıń ushın da Ájiniyaz obrazı S.Shermanovtıń atqarıwında basqa obrazlardıń birewine de uqsamaydı. Ondağı shayırlıq mártebe, ápiwayılıq óz ornında sonday sheberlik penen dóretilgen, bul álbette aktyordıń jetiskenligi bolıp tabıladı. Jas aktrisa Gúlbanu Reymova Xanzada obrazın úlken sheberlik penen atqarıp shıqtı. Náziklik, erkinlik súyiwshilik, sadıqlıq bul personaj pazıyletlerinen sanaladı. Aktrisa obrazdı sap aqıl hám shığıs qızlarına tán qásiyetleri menen ashıp beredi. Obrazdıń hújdan erkinligine umtılıwshı kúshi qanshama ayqın bolmasın báribir sheklew sızığınan shetke shıqpaydı. Shayırğa degen pútkil sezim hám tuyğılar tap bir onıń júreginde qaynap atırğanday. Bul jağday kem-kemnen háwij ala beredi hám sońğı jetinshi kóriniste sońğı noqatqa jetedi. Xanzada súyiklisine erisedi. Usı mashaqatlı joldağı onıń basınan ótken nebir azap-aqıbetlerdi, ishki dúnyasında keshken keshirme hám qıyınshılıqlardı aktrisa úlken sheberlik penen ayqın táriyiplep bere alğan. Onıń baxıtqa erisip biylerdiń pátiyasın alıp atırğan paytında ishinen qanday da bir jalın lawlap sırtqa shıqqanday boladı, bul quwanısh hám baxıt jalını edi. Aktrisanıń teńi-tayı joq dawısı tıńlawshıların birden ózine bawrap alıp muzıkanıń ilahiyda dúnyasına jeteklep kete beredi. Jas aktrisa Miyrigúl Mámbetmuratova jaratqan Aybórek obrazı jáne bir úlken dóretiwshilik jetiskenlik boldı desek qátelespegen bolamız. Aktrisa óz qaharmanınıń ishki dúnyasın jan beriwshi suwlar menen suwğara aldı. Ol jaratqan Aybórek hár tárepleme pútin obraz bolıp shıqqan. Aybórek shayırdı jan-táni menen súyip, ol ushın ózin hátteki otqa da suwğa da taslawğa tayar turmasın báribir ol shayırdıń júrek tórinen orın taba almaydı. Usı bir ishki sezimlerdi sırtqa shığarıp, óz dártin shayırğa bildirgen gezleri de Ájiniyaz onı xoshlamaydı. Bul waqıttağı aktrisanıń ishinde qaynağan sezim jalınğa aylanadı, endi ol ósh alıw jalınına aylanadı. Aktrisa óz usılınıń kórkemligi menen emes, bálkim sezimler sáwleleniwiniń gózzallığı, ayırım jağdaylarda tańqalarlıq qızğın bolıwı menen tıńlawshısın ózine qaratadı, oylandıradı, onı zawıqqa bóleydi.

Altınshı kóriniste ol qamaqta jatqan Ájiniyazğa kelip birge qashıp ketiwdi usınıs etedi. Usınıń menen ol óz kewiliniń diydine jetpekshi boladı. Biraq shayır kewili oğan jılımaydı. Ashıw-ızağa bulıqqan Aybórek (aktrisa M.Mámbetmuratova) shayırdı basqa kórmew ushın onı bosatıwdı buyıradı. Qanshama urınbasın Aybórek shayırdıń kewlinen orın taba almaydı, demek júrek hámirine qarsı shığıw múmkin emes ekenligin aktrisa hár tárepleme óziniń ishki keshirmeleri arqalı ayqın dálillep hám kórsetip bere alğan. Aktrisa M.Mambetmuratova dikciyası jarańlağan hám sap bolıp esitiwshige anıq jetip baradı hám olarğa ayrıqsha kúshli zawıq bağıshlaydı. Operadağı kózge taslanatuğın tiykarğı obrazlardıń tağı biri bul Pirim biy obrazı. Pirim biydi jas aktyor Nawrız Maxamadiyarov atqarğan. Xalıq wákili Pirim biyge úlken júk júklengen, ol xalıqqa biylik etip ğana qalmastan óz xalqınıń jırın jırlap, arın arlawshı jankúyer de bolıp tabıladı. Kerek waqtında xalıqtı erkinlik jolındağı gúreske jámley alatuğın ayrıqsha tulğa. Óz jurtına bolğan sheksiz muxabbatı onıń hárbir qádeminen de anıq kórinedi. Elim dep, xalqım dep janıp turğan el perzentiniń tulğasın aktyor bar sheberligi menen ashıp beriwge háreket etken. Aktyor N.Maxamadiyarovtıń Pirim biyinde saldamlılıq, obrazdıń ishki mağızın tolıq ashıp beriw sheberligi qálislesip kiyatırğanday. Ariya menen obrazdı baylanıstırıw motivleri ele jas aktyordan sheberlikti talap etip turğanday seziledi. Xudojnik Qaraqalpaqstanğa xızmet kórsetken kórkem óner ğayratkeri Zawqı Sayıpov aldıńğı Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq xudojnigi, Berdaq atındağı mámleketlik sıylıqtıń laureatı Islam Álibekovtıń islegen dekoraciyaların pútkilley qayta islep basqasha sheshim jasağan. Sol bir tariyxıy dáwirdi obrazlı táriyiplewde, talqılanbaqshı bolğan waqıyalıqtı janlandırıwda tiykarğı qurallardan biri boldı. Saxnadağı saraylardıń kórinisleri hám joqarı taypa wákilleriniń kiyiniwindegi ózine tánliktiń janlı tiklengenligi bul dóretiwshiniń utısı álbette. Bul orında súwretshi xızmetin ayrıqsha atap ótken orınlı. Kórinislerde tariyxıy detallar ayqın kórinip turadı. Bunıń ózi kóriwshilerdi sol bir alıslarda qalğan tariyxıy dúnyağa alıp kirgendey boladı. Bunday keńislikte obrazlar jaratıw da isenimli shığadı.

Ulıwma alğanda, «Ájiniyaz» operasınıń arağa 37 jıl salıp qayta saxnalastırılğanı bul interpretaciyası qaraqalpaq muzıka óneriniń usı jıllar ishinde jáne de rawajlanıp jańa shoqqılarğa

kóterilgenin ayqın dálilledi. Sonıń menen birge teatr aktyorlarınıń dóretiwshiligi professional dárejege kóterilgenin de ayqın sıpatlap, qala berse pútkil teatr jámáátiniń de jemisli, tıńǵılıqtı miynet etkenin dáliyllep turıptı. Teatr bul opera arqalı akademiyalıq teatr degen atqa múnásip miynet etken.

## Ádebiyatlar

1. B.Sayfullaev, T.Bayandiev. "Qaraqalpaq teatrı tariyxı" T. "Fan ziyosi". 2023.
2. K.Sultanov. «Ajiniyaz». Roman. "Qaraqalpaqstan" N.1978.

**REZYUME.** Qaraqalpaq xalqınıń ullı shayırı, ataqlı sóz zergeri Ájiniyaz Qosıbay ulınıń tuwılǵanınıń 200 jıllıq torqalı merekesi YUNESKO qararı menen xalıqaralıq kólemde belgileniwiniń ózi shayır dóretiwshiliginiń klassik dárejede ekenliginen derek beredi. Usı múnásibet penen Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrı N.Muxammetdinovtıń «Ájiniyaz» operasın araǵa 37 jıl salıp qayta saxnalastırdı.

**РЕЗЮМЕ.** Проведение на международном уровне по случаю 200-летия со дня рождения великого поэта Каракалпакского народа, выдающегося мастера слова Ажинияза Косибай оглы по решению ЮНЕСКО свидетельствует о глубокой и классической направленности творчества поэта. В связи с этим недавно на сцене Каракалпакского государственного академического музыкального театра имени Бердаха спустя 37 лет заново поставлена опера композитора Н.Мухаммеддинова «Ажинияз».

**SUMMARY.** On the occasion of the 200th anniversary of the birth of the great poet of the Karakalpak people, the famous master of words Ajiniyoz Kasiboy olili, the determination of the international level on the basis of the UNESCO Decision testifies to how thoughtful and classical the poet's work is. In this regard, the composer N. in the sakhnasin of the Karakalpak state academic musical theater named after Berdaq recently.Mukhammeddinov's opera «Ajiniyoz» was recast after 37 years.

## БУГУНГИ МАВЗУ ВА МУАММОНИ ЎЗИДА АКС ЭТТИРГАН КОМЕДИЯ

**Ажинияз Исмайлов -** *ўқитувчи*
*Ўзбекистон давлат санъат ва маданият институти Нукус филиали*

**Таянч сўзлар:** театр, драматург, актёр, режиссёр, спектакль, ижодкор, репертуар, декорация.
**Ключевые слова:** театр, драматург, актер, режиссер, спектакль, создатель, репертуар, декорации.
**Key words:** theater, playwright, actor, director, performance, creator, repertoire, scenery.

Бугунги кунда ўзининг драма ва комедиялари билан театрларимиз саҳнасини безаб келаётган қалам устаси, драматург Қўчқор Норқобилнинг бу комедияси режиссёр Умирбек Бектурғановнинг эътиборини ўзининг мавзуси яъни, бугуннинг муаммосига айланиб улгурган ҳолат - виртуал оламга тушиб қолганлар ва уларнинг тақдирига боғлиқ воқеалар оқими билан тортган бўлса ажаб эмас. Комедияда информацион технологияларнинг шиддат билан ривожланиши натижасида китоб мутолаа қилишнинг қолиб кетаётганлиги жиддий муаммо сифатида эътиборга олинади ва бунга тегишли чоралар кўрилади. Бугунги кунда ижтимоий тармоқнинг кўринмас тўрига нафақат ёш авлод, балки, айрим ёши катталарнинг ҳам илингани ҳақиқат. Буни ҳеч ким инкор эта олмаса керак. Шу каби муаммоларни олиб чиққан комедия "Уйдаги гап кўчада" номи билан Қорақалпоқ давлат ёш томошабинлар театри саҳнасида жонланди.

Парда кўтарилиб, чироқлар секин ёришар экан, саҳнада бугунги кунда кенг кўламли оммани ўзида йиға олган "Tiktok", "Instagram" каби ижтимоий тармоқларнинг логотипи туширилган декорациялар саҳнага чиқа бошлайди. Бу ҳол эса персонажларнинг бу тармоқларда фаоллигини кўрсатарди.

Кичик қишлоқ одамларининг бу ҳолини кўрган мактаб ўқитувчиси -Лазиз чора кўришни ўйлайди ва китобхонлик мусобақасини ташкиллаштиради. Шу орқали одамларнинг турмуш тарзини ижобий томонга ўзгартиришга қарор қилади. Муаллим кутган натижа бирданига юз бермасада, Лазиз бу қарордан воз кечмай, уни такомиллаштириб боради. Яъни, ғолиб оилага республиканинг